

FÒM POU ENSKRIPSYON DOSYE

Biwo Medyatè pou Prizonye nan Imigrasyon (Office of the Immigration Detention Ombudsman, OIDO) egzamine dosye moun ki konsène yo voye yo, oswa nan non yo, akòz move konpòtman, vyolans ekstrèm, oswa vyole lwa, dwa, politik, oswa prensip nan sant prizon imigrasyon yo ki nan Depatman Sekirite Nasyonal Ameriken an (U.S. Department of Homeland Security, DHS). Tanpri sonje OIDO pa ka bay konsèy jiridik. Se yon biwo endepandan ki nan DHS epi li pa fè pati sèvis Imigrasyon ak Kontwòl Ladwàn Ameriken yo (U.S. Immigration ak Customs Enforcement, ICE) oswa nan Sèvis Ladwàn ak Pwoteksyon Fwontyè Ameriken yo (U.S. Customs and Border Protection, CBP)

OBJEKTIF FÒM SA A

Pou jwenn èd konsènan yon ensidan ki te rive nan prizon imigrasyon, tanpri voye fòmilè sa a ale. OIDO pral egzamine dosye a epi, apre verifikasyon, li pral chèche rezoud pwoblèm nan, oswa bay yon redresman ki apwopriye.

Ensidan yo voye fòmilè sa a ale pou li a dwe mache ak yon akizasyon anrapò ak:

- Move konpòtman,
- Vyolans ekstrèm,
- Vyole dwa yon prizonye an patikilye, ak/oswa
- Vyole lwa, prensip anrapò ak konpòtman pwofesyonèl, kondisyon ki lye ak kontra a, oswa politik ki gen rapò ak prizonye nan imigrasyon.

OIDO pa egzamine oswa pa jije demann pou rekonsidere desizyon pou mete yon moun nan prizon, rezon pou prizonye nan imigrasyon sa a, refize yon demann liberasyon nan prizon imigrasyon (sa gen ladan l tou, libète kondisyonèl), oswa prensip pou egzamine demann pou liberasyon yo.

EPI

Akizasyon pou move konpòtman oswa vyolasyon an (yo) dwe te fèt grasa:

- Ajan oswa anplwaye DHS (CBP oswa ICE), sa gen ladan,
 - o Pèsonèl ki sou kontra, ouvriye, oswa moun k ap kolabore oswa
 - o Yon founisè sèvis ki sou kontra.

Si sitiyasyon ou pa koresponn ak kritè sa yo, oswa pou konsilte yon lis anrapò ak lòt posiblite nan DHS pou bay kòmantè oswa pou depoze yon plent, ale sou <https://www.dhs.gov/how-do-i/provide-feedback-dhs>.

KI MOUN KI DWE SOUMÈT YON FÒM?

- Yon aktyèl prizonye oswa yon ansyen prizonye k ap chèche èd konsènan yon ensidan ki te rive, oswa k ap rive, pandan l te sou siveyans DHS.
- Yon Moun ki soumèt fòm sa a nan non yon aktyèl prizonye oswa yon ansyen prizonye, antanke reprezantan l, pou prizonye sa a te gen yon ensidan ki te rive, oswa k ap rive, pandan l te sou siveyans DHS. Li kapab yon manm nan fanmi an oswa yon avoka/rezantan ki apwouve.
- Yon moun ki soumèt fòm a san l pa ekri non l.

Anplwaye DHS ki ta renmen depoze yon plent anrapò ak akizasyon pou move konpòtman, li dwe fè l nan Biwo Enspektè Jeneral la (Office of Inspector General, OIG) ki nan DHS la ak/oswa nan Biwo Konsèy Espesyal (Office of Special Counsel) ki nan DHS la. Si yon anplwaye DHS soumèt yon akizasyon bay OIDO, yo pral transfere dosye a bay OIG. Y ap fè anplwaye DHS yo sonje, li ilegal pou ajans yo pran, oswa menase pran, sanksyon pèsonèl kont yon anplwaye paske li denonse yon aksyon ki ilegal. Anplwaye DHS yo kapab kontakte Kowòdinatè pou Pwoteksyon Moun k ap denonse yo nan Whistleblowerprotectioncoordinator@oig.dhs.gov foswa pou kesyon konsènan deklarasyon ki pwoteje oswa enfòmasyon anrapò ak dwa ak dispozisyon ki pran pou moun k ap denonse yo.

ENSTRIKSYON JENERAL POU RANPLI FÒM SA A

- Tape oswa ekri yon fason ki lizib ak lank nwa oswa ble.
- Si ou bezwen plis espas ou ka atache lòt paj ansanm ak fòm sa a.
- Tanpri ekri "N/A" pou kesyon ki pa aplikab yo.
- Tanpri atache **kopi** tout dokiman oswa enfòmasyon ki pral ede OIDO egzamine dosye a. **Pa voye dokiman orijinal yo.**
- Fòm sa a pa obligatwa pou soumèt yon dosye bay OIDO, epi li pa obligatwa pou ranpli tout espas yo. Men, yon fòm ki byen ranpli bay asirans OIDO ap jwenn enfòmasyon ki nesèsè pou ede l trete dosye a. Si ou pa sévi ak fòm nan, oswa si ou pa ranpli tout espas yo, ou bay posiblite pou gen reta nan tretman dosye ou la.
- Ou p ap peye okenn frè pou ou soumèt yon demann bay OIDO.

KI KOTE POU M VOYE FÒM SA A?

Tanpri voye fòm ou an byen ranpli, siyen epi mete dat ladan, ansanm ak tout dokiman ki ka ede, nan Biwo Medyatè pou Prizonye nan Imigrasyon, nan youn nan fason sa yo:

- Imèl: detentionombudsman@hq.dhs.gov
- Faks: 202-282-8482
- Kourye Ameriken ak/oswa Sèvis Livrezon Rapid:

Depatman Sekirite Nasyonal Etazini (U.S. Department of Homeland Security)
Biwo Medyatè pou Imigran ki Prizonye nan Imigrasyon, Mail Stop #0134 2707
Martin Luther King Jr. Ave. SE
Washington, DC 20528

Akoz dispozisyon pou sekirize sistèm kourye Gouvènman Ameriken an, dosye yo voye nan lapòs yo (menm sa yo voye nan sèvis livrezon rapid yo) kapab rive an reta.

ENFÒMASYON SOU DOSYE A**Enfòmasyon Sou Moun ki Soumèt Fòm sa a**

1. Mwen se: Yon aktyèl prizonye oswa yon ansyen prizonye k ap chèche èd konsènan yon ensidan ki te rive, oswa k ap rive, pandan m sou siveyans DHS.
- Yon Moun ki soumèt fòm sa a nan non yon aktyèl prizonye oswa yon ansyen prizonye, antanke reprezantan l, pou prizonye sa a te gen yon ensidan ki te rive, oswa k ap rive, pandan l te sou siveyans DHS. Li kapab yon manm nan fanmi an oswa yon avoka/reprezantan ki apwouve.
- Yon moun ki soumèt fòm a san l pa ekri non l.

Enfòmasyon Sou Prizonye a

- | | | |
|--|--|--|
| 2. Non (Prefiks, Prenon, Dezyèm Prenon, Siyati): | | 3. Lòt non ki itilize oswa otograf ki diferan: |
| 4. Dat Nesans: | 5. Sèks
<input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Lòt: _____
<input type="checkbox"/> Fi | 6. Nimewo Rejis pou Etranje yo (Nimewo-A) (si nesèsè): |
| 7. Ou se sitwayen nan ki peye oswa nan ki peyi ou fèt: | 8. Peyi kote ou fèt: | 9. Lang ou Pi Pito: |

10. Adrès:

a. Èske moun nan nan prizon kounye a?

- Wi: 1. Non Sant Prizon an (Si ou pa sèten sou non an, bay enfòmasyon jeneral, tankou vil oswa eta, oswa enfòmasyon detaye, tankou gwo kay oswa selil prizon an, oswa koulè inifòm pèsonèl la.)

2. Kantite Tan li Fè nan Sant la (Si ou pa byen sonje dat yo, bay dat ki plizoumwen pwòch.)

3. Apre l libere nan prizon an, ki fason ou ta pi renmen kontakte l? Chwazi youn.

- Adrès Postal: Adrès Ri, Apatman/Chanm, Vil, Eta, Kòd Pòstal, Peyi

Adrès imèl: _____

Nimewo Telefòn: _____

- No: 1. Adrès Postal Aktyèl: Adrès Ri, Apatman/Chanm, Vil, Eta, Kòd Pòstal, Peyi

2. Adrès imèl: _____

3. Nimewo Telefòn: _____

Enfòmman Sou Kote Ensidan an te Fèt la

11. Èske ensidan an te rive nan lokal prizon an?

Wi: a. Non Sant Prizon an (Si ou pa sèten sou non an, bay enfòmasyon jeneral, tankou vil oswa eta, oswa enfòmasyon detaye, tankou gwo kay oswa selil prizon an, oswa koulè inifòm pèsonèl la.)

b. Kantite Tan li Fè nan Sant la (Si ou pa byen sonje dat yo, bay dat ki plizoumwen pwòch.)

Non: a. Bay esplikasyon:

Enfòmasyon Sou Ensidan an

12. Kategori (Chwazi yon kategori ki pi byen dekri ensidan an.):

- | | |
|---|---|
| <input type="checkbox"/> Move Tretman oswa Agresyon | <input type="checkbox"/> Pwoblèm Medikal/Sante Mantal oswa Swen Sante |
| <input type="checkbox"/> Chèche Prizonye a | <input type="checkbox"/> Byen |
| <input type="checkbox"/> Aranjman pou Andikape | <input type="checkbox"/> Relijyon |
| <input type="checkbox"/> Anviwònman Sant la | <input type="checkbox"/> Konsiderasyon Espesyal pou Timoun ak Fanmi |
| <input type="checkbox"/> Aksè ak Sèvis Jiridik | <input type="checkbox"/> Sèvis Tradiksyon ak Entèpretasyon |

13. Dekri Ensidan an (Tanpri bay yon esplikasyon ki detaye sou ensidan an epi fè konnen solisyon oswa redrèsman ou prefere a.)

14. Dat Ensidan an (yo) (Si ou pa byen sonje dat yo, bay dat ki plizoumwen pwòch.)

Dispozisyon ki Pran pou Rapòte yon Ensidan epi Chèche yon Solisyon oswa yon Redresman.

15. Èske yo te pale sou ensidan an avèk pèsonèl ki nan sant la?

- Wi: a. Èske yo te depoze yon doleyans oswa yon plent fòmèl? Wi Non
- b. Si ensidan an gen rapò ak sante, èske yo te fè yon demann pou kanpe travay akòz maladi? Wi Non
- c. Lòt: _____

Non

16. Èske yo te rapòte ensidan an bay youn nan sèvis sa yo?

- Sèvis pou Enfòmasyon ak Rapò sou Prizonye nan ICE (DRIL) (888-351-4024)
- Biwo ki gen Responsablite Pwofesyonèl Sant Dakèy Kolektif (Joint Intake Center, JIC) (877-2INTAKE)
- Biwo pou Dwa Sivil ak Libète Sivil nan DHS (Civil Rights and Civil Liberties, CRCL) (866-644-8360)
- Biwo Enspektè Jeneral la (Office of Inspector General, OIG) nan DHS (800-323-8603)
- Biwo pou Reenstalasyon Refijye nan Depatman Sante yo ak nan Sèvis Sosyal Etazini yo (si ensidan an te rive pandan siveyans DHS)
- Lòt (egzanp: Responsab Chapèl):
- Okenn nan repons anvan yo _____

17. Endike lòt biwo ki te kontakte oswa dispozisyon ki te pran pou jere ensidan an:

Idantifye Moun ki Soumèt Fòm sa a

18. Mwen Se:

Yon aktyèl prizonye oswa yon ansyen prizonye k ap chèche èd konsènan yon ensidan ki te rive, oswa k ap rive, pandan l te sou siveyans DHS.

a. Non (Prefiks, Prenon, Dezyèm Prenon, Siyati): _____

b. Adrès Postal Aktyèl (si se pa prizonye):

c. Dat Nesans _____ d. Kote Moun nan Fèt: _____

Mwen sètifye, pa mwayen siyati m, anrapò ak sanksyon pou fo temwanyaj selon lwa Etazini Damerik, sitou 28 U.S.C. § 1746, enfòmasyon mwen bay yo se laverite epi yo kòrèk, epi mwen se yon moun ki te rankontre oswa k ap rankontre pwoblèm pandan m te prizonye nan imigrasyon nan Depatman Sekirite Nasyonal Ameriken an. Mwen konprann tout enfòmasyon ki pa laverite anrapò ak deklarasyon sa a ap sanksyone, selon dispozisyon ki nan lwa 18 U.S.C. § 1001, y ap peye yon amann ki pa depase \$10,000 oswa y ap pran prizon pandan yon tan ki pa depase senk (5) lane oswa toulede, epi piske yo mande oswa yo jwenn youn oswa plizyè dosye ki gen fo enfòmasyon, sa ap sanksyone selon dispozisyon ki nan lwa 5 U.S.C. § 552a (i)(3) ak yon amann ki pa depase \$5,000.

e. Siyati: _____ f. Dat: _____

Yon Moun ki soumèt fòm sa a nan non yon aktyèl prizonye oswa yon ansyen prizonye, antanke reprezantan l, pou prizonye sa a te gen yon ensidan ki te rive, oswa k ap rive, pandan l te sou siveyans DHS. Li ka gen ladan yon manm fanmi an oswa yon avoka/rezantan ki apwouve. Tanpri sonje, OIDO vrèman egzijè pou l jwenn yon avi konsantman kote prizonye a ekri, siyen (oswa reprezantan legal prizonye a, si li gen pi piti pase 18 ane) nan non li yo te soumèt fòm sa a k ap pèmèt yo Trete Dosye li a yon fason pou bay OIDO posiblite pou l ba ou enfòmasyon. Si, toutfw, ou pa gen posiblite pou jwenn konsantman ekri prizonye a, piske ou mete siyati ou anba a, ou sètifye sizoka gen fo enfòmasyon selon lwa Etazini Damerik yo, ki gen ladan 28 U.S.C. § 1746, ou se yon moun ki soumèt fòm sa a nan non yon aktyèl prizonye oswa yon ansyen prizonye, antanke reprezantan li, pou prizonye sa a te gen yon ensidan ki te rive, oswa k ap rive, pandan l te sou siveyans DHS. Mwen konprann tout enfòmasyon ki pa laverite anrapò ak deklarasyon sa a ap sanksyone, selon dispozisyon ki nan lwa 18 U.S.C. § 1001, y ap peye yon amann ki pa depase \$10,000 oswa y ap pran prizon pandan yon tan ki pa depase senk (5) lane oswa toulede, epi piske yo mande oswa yo jwenn youn oswa plizyè dosye ki gen fo enfòmasyon, sa ap sanksyone selon dispozisyon ki nan lwa 5 U.S.C. § 552a (i)(3) ak yon amann ki pa depase \$5,000). San konsantman ki apwopriye a, OIDO gen dwa pa an mezi pou l bay moun ki te soumèt dosye a enfòmasyon sou demann yon dosye ak/oswa yon rezilta.

a. Non Rezantan an (Prefiks, Prenon, Dezyèm Prenon, Siyati):

b. Adrès Postal:

c. Relasyon ak Prizonye a:

- | | |
|--|---|
| <input type="checkbox"/> Paran/Responsab Legal | <input type="checkbox"/> Yon reprezantan ki otorize nan yon òganizasyon relijye, yon òganizasyon k ap bay èd, |
| <input type="checkbox"/> asosye | yon sèvis sosyal oswa òganizasyon menm jan an ki ki sitiye Etazini epi Depatman Jistis |
| <input type="checkbox"/> Timoun | la dwe apwouve l ann amoni ak 8 C.F.R. § 1292.1. |
| <input type="checkbox"/> Avoka | <input type="checkbox"/> Lòt |

d. Non (Prefiks, Prenon, Dezyèm Prenon, Siyati): _____

e. Adrès Postal: Adrès Ri, Apatman/Chanm, Vil, Eta, Kòd Pòstal, Peyi: _____

f. Kabinè Avoka/Organizasyon (si nesèsè): _____

g. Adrès Postal: Adrès Ri, Apatman/Chanm, Vil, Eta, Kòd Pòstal, Peyi: _____

h. Adrès imèl: _____

i. Nimewo Telefòn: _____

j. Siyati: _____

k. Dat: _____

- Yon moun ki soumèt fòm sa a san l pa ekri non l. Piske fòm nan pa gen non, yo pa pral bay moun ki fè demann nan okenn enfòmasyon anrapò ak dosye a ak/oswa rezilta a.

AVI JURIDIK

Sanksyon pou Soumèt Enfòmasyon ki pa Kòrèk

Tout moun ki fè espere yo falsifye yon dokiman enpòtan ak tout konsyans yo, yo pral kondane pou yo peye yon amann ki ka rive jiska \$10,000, yo ka kondane jiska (5) ane prizon oswa toulede. 18 U.S.C. §1001. Mande oswa jwenn youn oswa plizyè dokiman ki falsifye ap sanksyone, selon dispozisyon ki nan lwa 5 U.S.C. § 552a (i)(3), pou peye yon amann ki pa depase \$5,000.

Otorite ki Responsab pou Kolekte Enfòmasyon

Responsablite Biwo Medyatè pou Prizonye nan Imigrasyon yo se:

- (1) Etabli epi jere yon pwosesis endepandan, net epi konfidansyèl pou jwenn, mennen ankèt, rezoud epi bay yon solisyon, sa gen ladan transfè pou mennen ankèt nan Biwo Enspektè Jeneral la, transfè nan Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon nan Etazini pou jwenn èd nan imigrasyon, oswa nenpòt lòt aksyon yo wè ki nesèsè, pou dosye kote ofisye oswa lòt pèsonèl nan Depatman Sekirite Nasyonal la (DHS), oswa nan konpayi kontraktiyèl yo, ouvriye yo oswa moun k ap kolabore yo, yo te jwenn ki komèt yon erè oswa ki te vyole dwa moun ki prizonye nan imigrasyon yo,
- (2) Etabli yon pwosesis ki aksesib epi ki nòmal konsènan plent ki depoze kont tout ajan oswa anplwaye nan sèvis ladwàn ak Pwoteksyon Fwontyè nan Etazini yo, oswa nan sèvis imigrasyon ak nan Kontwòl Dwàn Etazini yo, oswa kont pèsonèl yon konpayi kontraktiyèl, ouvriye oswa k ap bay kolaborasyon yo, pou vyole lwa, prensip anrapò ak konpòtman pwofesyonèl, kondisyon ki lye ak kontra, oswa politik ki gen rapò ak prizonye nan imigrasyon.
- (3) Fè enspeksyon san fè anons nan sant kote gen moun ki nan prizon yo mete sou responsablite otorite federal nan imigrasyon yo, sa gen ladan sant ki pou inite nan Eta a oswa gouvènman lokal la oswa sant inite nan Eta a ap jere ansanm ak sant ki pou sektè prive a oswa sant sektè prive a ap jere.
- (4) Egzamine, revize, epi fè rekòmandasyon pou reponn ak enkyetid oswa ak vyolasyon kondisyon kontraktiyèl yo yo idantifye pandan revizyon yo, verifikasyon yo, ankèt yo oswa nan entèvyou ak prizonye yo konsènan sant yo ansanm ak sèvis ki gen rapò ak prizonye nan imigrasyon yo,
- (5) Bay sipò ak moun ki viktim akòz yon move konpòtman, vyolans ekstrèm, oswa akòz ajan DHS yo oswa lòt pèsonèl yo, oswa pèsonèl kontraktiyèl yo, ouvriye yo oswa konpayi k ap kolabore yo ki vyole lwa ak prensip ki gen rapò ak prizon yo, epi
- (6) Gen asirans travay Medyatè a ap fè a konpatib ak travay ki te deja prevwa nan Lwa sou Sekirite Nasyonal ki nan DHS 2002, pub. L. No. 107-296, § 405(b) (regwoupe nan 6 U.S.C. § 205(b)), jan yo te ajoute l nan Lwa sou Kredi Konsolide, 2020, Pub. L. No. 116-93, §106 (2019).

Lwa sou Lavi prive 1974

Yo konsève epi pwoteje Tout enfòmasyon yo soumèt bay Biwo Medyatè pou Prizonye nan Imigrasyon yo (OIDO), selon dispozisyon lwa sou Konfidansyalite 1974 la, 5 U.S.C. § 552a. Lè ou soumèt enfòmasyon sa yo bay OIDO, ou bay konsantman ou pou OIDO mennen ankèt sou tout move konpòtman oswa vyolasyon ki kapab genyen anrapò ak prizon nan imigrasyon.

OTORITE: DHS gen otorizasyon pou rasanble enfòmasyon yo mande yo nan fòm sa a selon atik 405 nan Lwa sou Sekirite Nasyonal 2002, Pub. L. No. 107-296 (regwoupe nan 6 U.S.C. § 205), jan yo te ajoute l nan Lwa sou Kredi Konsolide 2020, §106, Pub. L. No. 116-93, 133 Stat. 2504.

OBJEKTIF: Biwo Medyatè pou Prizonye nan Imigrasyon (OIDO) ki nan DHS mande enfòmasyon sa yo pou trete dosye moun oswa mennen ankèt anrapò ak posiblite pou yon ajan oswa yon anplwaye nan CBP, nan ICE, oswa nan pèsonèl yon konpayi kontraktiyèl, ouvriye, oswa konpayi k ap kolabore vyole lwa, dwa endividyèl, prensip anrapò ak konpòtman pwofesyonèl, kondisyon kontraktiyèl oswa politik ki gen rapò ak prizon nan imigrasyon.

ITILIZASYON WOUTIN: Yo kapab pataje enfòmasyon yo mande nan fòm sa a anndan DHS anrapò ak si yo bezwen konnen, epi deyò nan kad itilizasyon woutin pou ede DHS egzamine epi trete plent yo. Nan avi sou sistèm dosye ki mache ak fòm sa a, gen yon lis konplè anrapò ak itilizasyon woutin, sa gen ladan dokiman DHS/ALL-020 nan Depatman Dosye Entèn nan Sekirite Nasyonal ansanm ak dokiman DHS/ALL-025 Otorite ki Responsab pou Fè Aplike Lalwa, yon fason pou rive Pwoteje Byen Sistèm Dosye nan Depatman Sekirite Nasyonal la ap Okipe epi Sekirize. Mete sou sa, DHS prevwa pibliye yon nouvo SORN pou kouvri dosye yo ak itilizasyon ki gen rapò ak koleksyon OIDO, yo rele l Sistèm Dosye DHS/OIDO-001 Biwo Medyatè pou Prizonye nan Imigrasyon. Moun ki pa gen kouvèti Lwa sou Pwoteksyon Lavi Prive yo, yo kapab jwenn lòt enfòmasyon nan Evalyasyon Efè sou Lavi Prive, DHS/OIDO/PIA-001 Sistèm Jesyon Dosye Anrapò ak Prizonye nan Imigrasyon. Ou kapab jwenn tout bagay nan: <https://www.dhs.gov/privacy>.

KONSEKANS KI KA GENYEN SI OU PA BAY ENFÒMASYON YO: Bay enfòmasyon sa yo, se yon bagay ki volontè. Men, piske ou pa bay enfòmasyon sa yo, sa ka lakoz DHS pa gen kapasite pou l trete oswa mennen ankèt sou plent la.

Avi sou Lwa pou Diminye Egzijans Administratif yo

Yon ajans pa ka fè oswa finanse pou kolekte enfòmasyon, epi yon moun pa oblije reponn lè y ap kolekte enfòmasyon, sof si li afiche yon nimewo kontwòl ki valid aktyèlman nan Biwo Jesyon ak Bidjè a (Office of Management and Budget, OMB). Yo estime pou kolekte enfòmasyon yo, yon moun ap bezwen bay inèdtan (1) travay pou chak repons, sa gen ladan tan pou egzamine enstriksyon yo, pou ranpli fòm nan epi pou soumèt li. Voye kòmantè ki gen rapò ak estimasyon sou kantite tan travay sa a, oswa sou nenpòt lòt aspè nan kolekte enfòmasyon sa a, tankou sijesyon pou diminye kantite tan travay la nan: Biwo Medyatè pou Prizonye nan Imigrasyon, Depatman Ameriken pou Sekirite Nasyonal, Mail Stop #0134 2707 Martin Luther King Jr. Ave. SE, Washington, DC 20528, OMB No. 1601-NEW.